

KONTE KOTE TIMOUN NAN AP VIV: _____ DAT REKÒMANDASYON TIMOUN NAN: (MM/JJ/AAAA) ____ / ____ / ____

Seksyon 1: ENFÒMASYON OBLIGATWA (Lè li koche kazye sa a, Minisipalite a endike yo te resevwa konfimasyon nan men sous rekòmandasyon paran/responsab legal la te konsilte a, epi yo pa t refize rekòmandasyon an)

Enfòmasyon sou Timoun nan	<p>NON TIMOUN NAN:</p> <p>Siyati _____ Prenon _____ Dezyèm Prenon _____</p> <p>SÈKS: <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fanm ADRÈS TIMOUN NAN: (Ri, Apatman Nimewo) _____</p>	<p>DAT NESANS: (MM/JJ/AAAA) ____ / ____ / ____</p> <p>LANG oswa MÒD KOMINIKASYON KI PI ENPÒTAN</p> <p>Paran/Responsab Legal _____ Timoun nan _____</p>	
	<p>ORIJIN ETNIK: <input type="checkbox"/> Panyòl oswa Latino <input type="checkbox"/> Pa Panyòl ni Latino</p> <p>RAS: (chwazi plis pase youn selon sa ki apwopriye a)</p> <p><input type="checkbox"/> Endyen Ameriken oswa Moun Alaska Natifnatal <input type="checkbox"/> Nwa oswa Nwa Ameriken <input type="checkbox"/> Blan</p> <p><input type="checkbox"/> Azyatik <input type="checkbox"/> Moun Awayi Natifnatal oswa Lòt Moun sou Zile Pasifik</p>	<p>REZON REKÒMANDASYON AN: (Tanpri koche YOUN sèlman):</p> <p><input type="checkbox"/> 1. SISPÈK Yo rekòmande nou timoun sa a paske yo sispèk li ka gen yon reta nan devlopman li oswa yon andikap.</p> <p><input type="checkbox"/> 2. KONFIME Yo rekòmande nou timoun sa a paske li gen yon andikap ki konfime (dyagnostik sou kondisyon fizik oswa mantal ki montre gen yon gwo pwobabilite pou li bay yon reta nan devlopman).</p> <p><input type="checkbox"/> 3. A RISK Timoun sa a PA sispèk pou l gen yon andikap nan moman sa a men yo rekòmande nou li paske li RISKE gen yon andikap (pa egzanp, kritè risk nou idantifye nan règleman yo, rekòmandasyon CAPTA, etc.).</p> <p><input type="checkbox"/> 4. A RISK Ti bebe a pa t pase tès depistaj pou konn si l tande byen epi li pa resevwa swivi ki te nesèsè a.</p>	
Sous Enfòmasyon pou Rekòmandasyon an	<p>SOUS ENFÒMASYON POU REKÒMANDASYON AN:</p> <p>Prenon _____ Siyati _____</p> <p>Non Ajans/Etablisman _____</p> <p>Adrès: _____</p> <p>Telefòn: (____) _____ - _____ Ekstansyon _____</p> <p>Faks: (____) _____ - _____</p> <p>Imèl: _____</p>	<p>KALITE SOUS REKÒMANDASYON AN: (Tanpri koche YOUN sèlman):</p> <p><input type="checkbox"/> Paran/Responsab Legal</p> <p><input type="checkbox"/> Lòt moun nan fanmi an (Presize) _____</p> <p><input type="checkbox"/> Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal Timoun nan</p> <p><input type="checkbox"/> Lopital oswa Klinik</p> <p><input type="checkbox"/> Pwogram Kominotè/Pwofesyonèl Swen Sante ki nan Pwogram Entèvansyon Bonè (Early Intervention Program, EIP)</p> <p><input type="checkbox"/> Lòt (Presize) _____</p>	
	<p>NON PARAN/RESPONSAB LEGAL LA:</p> <p>Siyati _____ Prenon _____</p> <p>Lakay: (____) _____ - _____ Selilè: (____) _____ - _____</p> <p>Travay: (____) _____ - _____</p> <p>Adrès: _____</p> <p>Ri, Aptman Non _____</p> <p>Vil _____ Kòd Postal _____</p>	<p>NON PARAN/RESPONSAB LEGAL LA:</p> <p>Siyati _____ Prenon _____</p> <p>Lakay: (____) _____ - _____ Selilè: (____) _____ - _____</p> <p>Travay: (____) _____ - _____</p> <p>Adrès: _____</p> <p>Ri, Aptman Non _____</p> <p>Vil _____ Kòd Postal _____</p>	
Enfòmasyon pou Kontakte Paran/Responsab Legal la	<p>RESPONSAB SWEN/LÒT NON MOUN POU KONTAKTE:</p> <p>Siyati _____ Prenon _____</p> <p>Nimewo Telefòn: (____) _____ - _____</p>	<p>KISA LI YE POU TIMOUN NAN:</p> <p><input type="checkbox"/> Granparan <input type="checkbox"/> Lòt: _____</p> <p><input type="checkbox"/> Paran adoptif</p>	

Seksyon 2: POU W PATAJE ENFÒMASYON KI VINI ANNAPRE YO, LI OBLIGATWA POU W GEN KONSANTMAN EKRI PARAN YO:

Konsantman Ekri Paran/Responsab Legal la Obligatwa	<p><input type="checkbox"/> Sous Rekòmasyon an konfime li gen konsantman ekri paran yo pou li ajoute enfòmasyon sa yo ak nempòt lot dokiman ki mache avèk yo. Siyati Sous Rekòmasyon an: _____</p> <p>Plis Enfòmasyon sou Rezon Rekòmasyon an: Founi lòt enfòmasyon anplis sou enkyetid konsènan devlopman timoun nan. Mete nempòt tè s yo te reyalize ansanm ak eta fonksyonman timoun nan pou youn oswa plizyè domèn devlopman ki ka reprezante yon reta nan devlopman ki ka etabli kalifikasyon timoun nan pou Pwogram Entèvasyon Bonè (Early Intervention Program, EIP) a.</p> <p>Tanpri tcheke tout pati nan devlopman timoun nan kote li montre reta ladan yo (mete kòmantè oswa nòt enpòtan si dokiman sa yo vini avèk yo):</p> <p><input type="checkbox"/> Adaptatif (adaptasyon): _____</p> <p><input type="checkbox"/> Koyitif (Aprantisaj konesans, pansè): _____</p> <p><input type="checkbox"/> Kominikasyon: _____</p> <p><input type="checkbox"/> Fizik (kapasite pou li fè gwo oswa ti mouvman epi pwoblèm ki gen rapò ak sans wè, tande, kapasite bouch la genyen pou li manje ak vale): _____</p> <p><input type="checkbox"/> Sosyal ak Emosyonèl: _____</p> <p><input type="checkbox"/> Dokiman ki Ajoute: _____</p> <p><input type="checkbox"/> Maladi yo dyagnostike (tankou dyagnostik/kòd Klasifikasyon Entènasyonal Maladi yo (ICD-10)) _____</p> <p>Detay Anplis sou Rekòmasyon an: _____</p> <p>Siyati Paran/Responsab legal _____ Dat: ____ / ____ / ____</p> <p>Tanpri sonje: Si fòmilè Rekòmasyon pou ranpli a gen siyati eletwonik yon paran/responsab legal la ladan l pou konsantman ki dwe vini ak dosye/rapò timoun nan, siyati sa a dwe genyen yon mak validasyon pou siyati elektwonik (ki disponib atravè aplikasyon tankou Adobe Acrobat, DocuSign elatriye.) ki gen dat ak lè siyati a sou fòm nan. Si pwoteksyon sa a pa disponib epi siyati yon paran/responsab legal nesesè pou Seksyon 2 a, Fòm Rekòmasyon an dwe enprime pou pèmèt paran/responsab legal la siyen pou li bay konsantman li sou kopi paye a.</p> <p><input type="checkbox"/> Ak konsantman ekri paran ki konsène a, tanpri METE DOSYE oswa RAPÒ ki ta kapab ede nou detèmine si timoun nan kalifye pou Pwogram Entèvasyon Bonè (Early Intervention Program).</p>
--	--

Office Use Only	<p>FOR OFFICE USE ONLY</p> <p>Date Referral Received: ____ / ____ / ____ ISC Requested: _____ Assigned ISC: _____</p> <p>ISC Agency and Phone: (____) ____ - _____ Date of ISC Assignment: ____ / ____ / ____</p> <p>Data Entry Date: ____ / ____ / ____ Due Date for IFSP: ____ / ____ / ____</p>
-----------------	---

*Tanpri gade eksplikasyon yo lè w ap ranpli fòm sa a. Ou ka voye fòm nan pa lapòs oswa pa faks bay Pwogram Entèvasyon Bonè nan konte/minisipalite kote timoun nan rete a.

Kondisyon pou Laj Timoun y ap Rekòmande yo:

Yo ta dwe fè rekòmandasyon nan Pwogram Entèvansyon Bonè (EIP) pou timoun ki gen mwens pase 3 lane. Si yo rekòmande yon timoun nan mwens pase 45 jou apre twazyèm anivèsè nesans li epi li kapab kalifye pou l resevwa sèvis dapre Seksyon 4410 Lwa Edikasyon, Responsab Pwogram Entèvansyon Bonè (EIO) a, avèk konsantman paran yo alekri, ap refere timoun nan bay Komite Edikasyon Preskolè Espesyal (CPSE) nan distri lekòl lokalite kote timoun nan abite a. EIO a pa oblije fè yon evalyasyon oswa yon premye reyinyon Plan Sèvis Fanmi Endividyalize (IFSP) pou yon timoun yo rekòmande nou 45 jou apre twazyèm anivèsè nesans li.

SEKSYON 1:

Genyen espas ou dwe ranpli lè w ap fè yon rekòmandasyon nan EIP lokal la. Fòm rekòmandasyon an ou ta dwe soumèt li apre w fin ranpli Seksyon 1 an ak SÈLMAN enfòmasyon ki pou Seksyon 1 an. Paran timoun nan pa oblije bay konsantman l pou w soumèt enfòmasyon ki nan Seksyon 1 an. Ou dwe enfòme paran yo pou w di yo ou gen entansyon pou ou rekòmande timoun nan, e si paran an pa dakò ou p ap ka fè rekòmandasyon an.

Gade Anèks 1 an: Kisa pou w fè lè paran/Responsab legal la pa dakò ak rekòmandasyon an

Tanpri ekri yon fason lizib oswa tape tout enfòmasyon sou rekòmandasyon an.

Konte Kote Timoun nan Abite:

Ekri konte kote timoun nan abite a. Se pral Konte kote y ap voye rekòmandasyon EIP a.

Dat Rekòmandasyon an:

Sa a se dat lè sous rekòmandasyon an soumèt rekòmandasyon an nan EIP lokal la. Li enpòtan pou dat rekòmandasyon an egzak.

Enfòmasyon sou Timoun nan**Non Timoun nan:**

Mete non konplè timoun nan nan espas yo bay yo (Non Timoun nan, Prenon Timoun nan ak Dezyèm Prenon Timoun nan). Tanpri asire w òtograf non timoun nan kòrèk. Pa itilize non jwèt.

Dat Nesans:

Dat nesans timoun nan nan fòma 2 chif pou mwa a/2 chif pou jou a/4chof pou ane a.

Lang oswa Mòd Kominikasyon ki Pi Enpòtan pou Timoun nan ak Paran/Responsab Legal la:

Ekri lang oswa mòd kominikasyon ki pi enpòtan pou timoun nan ak paran/responsab legal la:

Sèks:

Koche kazye ki endike sèks timoun nan (gason oswa fi).

Adrès Timoun nan:

Mete adrès konplè timoun nan (ki gen ladan l nenpòt nimewo apatman), vil la ak kòd postal + 4.

Orijin etnik ak Ras:

Koche kazye ki apwopriye pou chak seksyon. Ou ka chwazi plis pase yon ras pou yon timoun.

Rezon Rekòmandasyon an:

Nan seksyon sa a, w ap chwazi rezon ki fè w ap fè rekòmandasyon nan EIP a. Li enpòtan pou w chwazi yon SÈL rezon

1. Yo sispèk timoun nan Gen yon Andikap:

Sous rekòmandasyon yo sispèk timoun yo rekòmande a gen yon andikap/reta devlopman nan youn oswa plizyè domèn fonksyonèl (adaptatif, koyitif, komunikasyon, fizik (ki gen ladan l vizyon, tande, maladi nan bouch pou l manje ak vale) ak sosyal-emosyonèl) nan devlopman l. Rekòmandasyon pou timoun ki sispèk pou yo gen yon andikap (tankou yon reta nan devlopman yo) dwe chita sou:

- Rezilta yon tès depistaj devlopman oswa pwosedi dyagnostik (yo), eksperyans dirèk, obsèvasyon ak pèsèpsyon pwogrè nan devlopman timoun nan;
- Enfòmasyon yon paran founi ki endike yon reta nan devlopman li oswa yon andikap;
- Oswa yon demann yon paran fè pou kalite rekòmandasyon sa a fèt.

Remak: Ti bebe ki pa t pase tès depistaj sans tande pou ti bebe ki fenk fèt ki entène lopital anvan yo ba yo egzayat epi ki pa t reyisi okenn tès depistaj pou sans tande pou ti bebe ki pa entène, y ap ba yo rekòmandasyon pou Pwogram Entèkansyon Bonè (EIP) kòmkiwa yo sispèk pou yo gen yon adikap, yon fason pou yo jwenn swa yon lòt tès depistaj oswa yon konfimasyon (dyagnostik) tès pou sans tande selon sa odyològ la deside. Yo ta dwe fè yon evalyasyon odyolojik pou yon ti bebe yo sispèk ki pèdi sans tande li anvan laj 3 mwa.

2. Andikap Konfime

Yo rekòmande timoun sa a bay Pwogram Entèkansyon Bonè la (EIP) a paske yo gen yon dyagnostik sou eta fizik oswa mantal li ki gen yon gwo pwobabilite pou l bay yon reta nan devlopman l.

Gade nan Anèks 2: Dyagnostik yo fè sou eta fizik oswa mantal ki gen gwo pwobabilite pou yo bay yon reta nan devlopman

Siveyans Devlopman (Sistèm pou Jwenn Timoun)

3. Ka Riske:

Timoun nan pa gen yon andikap yo dyagnostike lakay li epi sous rekòmandasyon an pa sispèk timoun nan gen yon andikap kounye a. Yo rekòmande timoun nan pou **siveyans nan devlopman** paske timoun nan **riske** gen yon andikap.

Gade nan Anèks 3: Rekòmandasyon timoun ki gen risk pou yo gen yon andikap yo dwe fèt dapre kritè medikal/byolojik oswa risk pou timoun piti sa yo

- Rekòmandasyon selon Lwa sou Prevansyon ak Tretman Abi sou Timoun (CAPTA): Timoun yo rekòmande bay EIP dapre CAPTA, yo pa sispèk ki ka gen reta nan devlopman yo oswa pou yo gen yon maladi yo dyagnostike ak yon gwo pwobabilite pou yo gen reta nan devlopman yo, yo ta ka rekòmande yo kòm timoun ki **A Risk**.

4. Timoun ki gen Risk Paske yo pa t Reyisi Tès Deteksyon Oditif pou Ti bebe yo:

Yo rekòmande ti bebe a nan kategori timoun ki gen risk tou si ti bebe a pa t pase tès oditif pou ti bebe ki fenk fèt yo epi yo pa t gen tan fè swivi ki nesèsè yo pou li nan yon fason apwopriye oswa paske gen dokiman ki manke nan kad Pwogram Deteksyon ak Entèkansyon Rapid pou pwoblèm nan Zòrèy (EHDI).

Sous Enfòmasyon pou Rekòmandasyon an

Sous Rekòmandasyon an:

- Enfòmasyon pou kontakte moun k ap fè rekòmandasyon an.
- Prenon ak Siyati nan espas yo bay yo.
- Mete ajans lan oswa etablisman an si moun nan travay pou yon ajans.
- Mete adrès li.
- Mete yon nimewo telefòn (ak ekstansyon) epi yon nimewo faks kote ou ka jwenn sous rekòmandasyon an si sa nesèsè.
- Mete imel pou yo itilize pou yo ka jwenn sous rekòmandasyon an si sa nesèsè. Tanpri sonje, enfòmasyon sou sante ki pwoteje (PII) yo pa ta dwe enkli nan korespondans pa imèl la. Gade *Lèt Chè Kolèg la - Klarifikasyon pou Founisè Entèkansyon Rapid sou Konsantman Paran yo pou Itilize Imèl pou Echanj Enfòmasyon Idantifikasyon Pèsònèl*, nan **Enfòmasyon/Resous anplis sou Rekòmandasyon Pwogram Entèkansyon Bonè la (EIP)** a pou jwenn plis enfòmasyon.

Gade Anèks 4 la pou Tout Sous Prensipal Rekòmandasyon yo

Kalite Sous Rekòmasyon: (chwazi YON SÈL sèlman) ki adapte pi byen nan lis ki anba a

- **Paran/Responsab Legal**
 - Paran
 - Zanmi/Fanmi (presize) si moun nan se responsab legal
- **Lòt Manm nan Fanmi an (Presize)**
 - Zanmi/Fanmi (presize) si se **PA** responsab legal la
- **Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal Timoun nan**
 - Doktè/Pedyat
- **Lopital oswa Klinik**
 - Lopital
 - Pwofesyonèl Swen Sante
 - Tès Odisyon pou Timoun ki Fenk Fèt
 - Etablisman Sante Piblik/Kominotè (klinik nan depatman sante lokal)
- **Pwogram Kominotè/Pwofesyonèl Swen Sante ki nan Pwogram Entèvansyon Rapid (Early Intervention Program, EIP)**
 - Jwenn Timoun (Child Find)
 - Founisè Gadri Lajounen
 - Founisè Pwogram Entèvansyon Rapid
 - Pwogram Head Start
 - Anplwaye nan Kay/Anplwaye Minisipalite a
 - Distri Lekòl yo konn rele Ajans Edikasyon Lokal
 - Depistaj ak Siveyans (Timoun ki gen Risk)
- **Lòt (Presize)**
 - Zanmi / fanmi (presize) si se zanmi
 - Ajans Sèvis Sosyal
 - Lòt (Presize)

Enfòmasyon sou Paran/Responsab Legal la

Enfòmasyon sou Paran/Responsab Legal la:

- Tanpri ranpli enfòmasyon an nèt.
- Tanpri verifye pou w mete enfòmasyon kontak omwen youn nan paran/responsabl legal yo epi fòk yo konplè nèt.
- Mete siyati ak prenon chak paran/responsab legal nan espas yo prevwa pou sa, ansanm ak adrès epi nimewo telefòn kote yo ka kontakte paran/responsab legal yo.
- Si li posib, mete moun ki gen relasyon paran ak timoun nan.

Responsab Swen/Lòt Non Moun pou nou Kontakte:

Lè sa nesèsè epi aplikab, mete non ak enfòmasyon kontak yon lòt moun nou ka kontakte paran an gras avèk li.

Relasyon avèk Timoun nan:

Koche kazye ki bay relasyon kòrèk moun sa a genyen ak timoun nan.

Non Timoun nan:

Mete non konplè timoun nan (Siyati Timoun nan, Prenon Timoun nan). Pa itilize non jwèt.

Dat Nesans Timoun lan:

Dat nesans timoun nan nan fòma 2 chif pou mwa a/2 chif pou jou a/4 chif pou ane a.

SEKSYON 2:

Ou ka ranpli seksyon sa a, epi ou ka soumèt enfòmasyon yo sèlman si paran/gadyen legal la te bay konsantman l alekri pou w mete enfòmasyon sa yo.

Koche kazye a epi siyen pou w pwouve ou te resevwa **konsantman paran yo alekri** pou w mete enfòmasyon an nan **Seksyon 2** fòm rekòmandasyon sa a epi ajoute nenpòt dosye medikal oswa lòt dosye anplis ki kapab sèvi pou etabli kalifikasyon timoun nan pou Pwogram Entèkansyon Bonè (EIP).

Ajans evalyasyon yo chwazi a pral itilize enfòmasyon ki nan rekòmandasyon an epi nenpòt dosye medikal ki vini avèk li pou li detèmine ki kalite evalyasyon ki nesèsè. Li enpòtan pou w mete tout enfòmasyon klè nan rekòmandasyon sa a (ak konsantman alekri paran/responsab legal la).

Ajans evalyasyon yo chwazi a pral detèmine si nou oblije fè yon depistaj konplè ak/oswa yon evalyasyon miltidisciplinè (MDE), oswa yon tès pou nou detèmine si timoun nan kalifye pou Pwogram Entèkansyon Bonè (EIP).

Plis Enfòmasyon sou Rezon Rekòmandasyon an:

Seksyon sa a gen enfòmasyon yo te kolekte sou timoun nan, ki ranfòse rezon ki fè timoun nan jwenn rekòmandasyon pou Pwogram Entèkansyon Bonè (EIP).

Founi nenpòt enfòmasyon anplis konsènan enkyetid ou genyen parapò ak devlopman (tankou tès yo te reyalize) epi fonksyonman timoun nan nan youn oswa plizyè domèn devlopman ki ka reprezante yon reta nan devlopman ki ka etabli kalifikasyon timoun nan pou Pwogram Entèkansyon Bonè (EIP).

Domèn fonksyonèl:

Chwazi domèn fonksyonèl kote sous rekòmandasyon an te idantifye yon reta nan devlopman timoun nan ladan l la (yo).

- Adaptif
- Koyitif (Kapasite pou l aprann)
- Kominikasyon
- Fizik (kapasite pou l fè gwo oswa ti mouvman epi pwoblèm ki gen rapò ak sans ki pèmèt li wè, tandè, kapasite bouch la genyen pou li manje ak vale)
- Sosyal ak Emosyonèl

Mete nenpòt kòmantè ki gen rapò ak reta yo idantifye oswa ou sonje yo te tache ak dokiman an.

Maladi yo dyagnostike (yo) ak kòd Klasifikasyon Entènasyonal Maladi yo (ICD-10):

Sous rekòmandasyon an ta dwe presize ki maladi yo dyagnostike lakay timoun nan epi mete kòd dyagnostik Klasifikasyon Entènasyonal Maladi (ICD-10) ki apwopriye pou timoun nan. Yo ka mete plis pase yon maladi yo dyagnostike ak kòd ICD-10 la sou fòm rekòmandasyon an.

Gade nan Anèks 5

NÒT: Sous prensipal rekòmandasyon an responsab pou li enfòmè paran yon timoun yo te fè dyagnostik pou li sou yon eta ki gen gwo pwobabilite pou li ba l yon reta nan devlopman li, oswa yon reta nan devlopman li yo dyagnostike ki koresponn ak kondisyon kalifikasyon EIP sa yo:

1. Se yon evalyasyon miltidisciplinè (MDE) ki detèmine si timoun nan kalifye pou EIP.
2. Enpòtans pou paran oswa responsab legal la bay konsantman l alekri pou sous rekòmandasyon prensipal la transmèt dosye oswa rapò ki nesèsè pou sipòte dyagnostik la, oswa, pou paran oswa responsab legal timoun ki pa gen okenn maladi yo dyagnostike lakay li, dosye oswa rapò ki ka ede yo detèmine si timoun nan kalifye pou pwogram nan.

Avèk konsantman alekri paran/responsab Legal konsène yo:

Tanpri ajoute nenpòt dosye medikal oswa lòt dosye/rapò ki ta ka ede nou detèmine si timoun nan kalifye pou EIP.

Siyati Paran/Responsab Legal la ak Dat la:

Tanpri sonje: Si fòmilè Rekòmandasyon pou ranpli a gen siyati eletwonik yon paran/responsab legal la ladan l pou konsantman ki dwe vini ak dosye/rapò timoun nan, **siyati sa a dwe genyen yon mak validasyon pou siyati elektwonik (ki disponib atravè aplikasyon tankou Adobe Acrobat, DocuSign elatriye.) ki gen dat ak lè siyati a sou fòm nan.** Si pwoteksyon sa a pa disponib epi siyati yon paran/responsab legal nesèsè pou Seksyon 2 a, Fòm Rekòmandasyon an dwe **enprime** pou pèmèt paran/responsab legal la siyen pou li bay konsantman li sou kopi paye a.

Sa vle di paran/responsab legal ki konsène yo bay konsantman alekri pou yo transmèt enfòmasyon medikal pitit yo bay EIP.

SEKSYON SA A SE POU BIWO A ITILIZE SÈLMAN:

Seksyon sa a se konte k ap resevwa li a k ap ranpli li.

Enfòmasyon/Resous Anplis Rekòmandasyon Pwogram Entèvansyon Bonè (Early Intervention Program, EIP):

Règleman Eta New York ak Lwa Sante Piblik konsènan Rekòmandasyon Pwogram Entèvansyon Bonè yo. Tit II-A nan Atik 25 Lwa Sante Piblik la: <https://www.nysenate.gov/legislation/laws/PBH/A25T2-A> epi 10 NYCRR Seksyon 69-4.3: Rekòmandasyon: <https://regs.health.ny.gov/content/section-69-43-referrals>

Lèt Chè Kolèg la - Klarifikasyon pou Pwofesyonèl Swen Sante Entèvansyon Bonè yo sou Konsantman Paran yo pou yo Itilize Imèl pou Echanj Enfòmasyon Idantifikasyon Pèsònèl:

Dokiman sa a gen enfòmasyon ladan l sou itilizasyon Imèl nan kad EIP a: https://www.health.ny.gov/community/infants_children/early_intervention/memoranda/2009-10_early_intervention_parent_consent_to_use_email.htm

Memorandòm 94-3 sou Entèvansyon Bonè: Pwosedi Rekòmandasyon pou Pwogram Entèvansyon Bonè yo Repibliye< MM/AAAA>. Dokiman sa a gen ladan l enfòmasyon espesifik sou kijan pou w fè rekòmandasyon yo: <https://www.health.ny.gov/guidance/oph/cch/bei/94-3.pdf>

Ki kote pou w voye yon rekòmandasyon:

Ou dwe voye rekòmandasyon yo bay Responsab Entèvansyon Bonè (EIO) nan konte kote timoun nan abite kounye a. Sous Rekòmandasyon Prensipal yo ka transmèt rekòmandasyon yo pa lapòs ameriken oswa pa faks. Ou ka jwenn yon lis kontak minisipalite yo/konte yo nan: https://www.health.ny.gov/community/infants_children/early_intervention/county_eip.htm

Enfòmasyon pou Paran yo konsènan Pwogram Entèvansyon Bonè la:

Enfòmasyon sou Pwogram Entèvansyon Rapid pou paran yo sitiye sou sit entènèt Pwogram Entèvansyon Bonè Depatman Sante Eta New York (NYS): https://www.health.ny.gov/community/infants_children/early_intervention/index.htm

Gid sa yo disponib GRATIS pou moun ki abite nan Eta New York:

Early Help Make a Difference! (Gid ki mete aksan sou etap enpòtan nan devlopman timoun yo depi yo fèt jiska laj twazan)

Early Intervention Steps (Etap Entèvansyon Bonè): *Yon Gid Debaz pou Paran yo pou Pwogram Entèvansyon Bonè la* (ti liv sa a dekri Pwogram Entèvansyon Rapid la)

Bwochi sou Tès Depistaj pou Sans Tande Timoun ki Fenk Fèt:

- *Èske ti bebe w la ka tande w?*
- *Ti bebe w la te Pase Tès Depistaj pou Sans Tande a*
- *Ti bebe w la Bezwen yon Lòt Tès Depistaj*

Gid Pratik Klinik (Gid Eta New York yo ofri rekòmandasyon ki baze sou prèv syantifik ak opinyon klinik ekspè sou pratik efikas yo):

- *Maladi Otis/Pwoblèm Devlopman Envazif yo- Evalyasyon ak Entèvansyon pou Jèn Timoun (Laj 0-3 lane)*
- *Pwoblèm Kominikasyon- Evalyasyon ak Entèvansyon pou Ti Timoun (Laj 0-3 lane)*
- *Sendwòm Down- Evalyasyon ak Entèvansyon pou Jèn Timoun (Laj 0-3 lane)*
- *Pèt tande- Evalyasyon ak Entèvansyon pou Jèn timoun (Laj 0-3 lane)*
- *Maladi Motè (ki rann timoun nan pa ka fè mouvman)- Evalyasyon ak Entèvansyon pou Ti Timoun (Laj 0-3 lane)*
- *Defisyan Vizyon- Evalyasyon ak Entèvansyon pou Timoun (Laj 0-3 lane)*

Resous sa yo disponib sou fòm elektwonik sou sitwèb Pwogram Entèvansyon Bonè (EIP) Depatman Sante Eta New York la (NYSDOH). Rezidan New York yo kapab kòmande resous sa yo gratis atravè Sant Distribisyon NYS DOH la. Ou ka jwenn fòm kòmand lan sou sitwèb NYSDOHEIP a oswa atravè lyen sa a: https://www.health.ny.gov/forms/order_forms/eip_publications.pdf

Anèks

Anèks 1

Kisa pou w fè lè paran/Responsab legal la pa dakò ak rekòmandasyon an

Sous Prensipal Rekòmandasyon an dwe:

- Kenbe dokiman ekri sou dezakò paran an kont rekòmandasyon an epi fè swivi ak aksyon sous prensipal rekòmandasyon an deside fè;
- Bay paran an non ak enfòmasyon pou li kontakte Responsab Entèvansyon Bonè (EIO) a si yo sispèk timoun nan gen yon andikap oswa si timoun nan gen risk pou li andikape.
- Nan de (2) mwa, fè efò rezonab pou l fè swivi ak paran an, epi si sa apwopriye, refere timoun nan bay EIP a sof si paran an pa dakò.

Anèks 2

Dyagnostik yo fè sou eta fizik oswa mantal ki gen gwo pwobabilite pou yo bay yon reta nan devlopman gen ladan yo: (10 NYCRR 69-4.3(f))

- Kwomozòm ki pa nòmal ki asosye ak reta nan devlopman (egzanp, sendwòm Down)
 - Sendwòm ak eta ki asosye ak reta nan devlopman (egzanp, sendwòm alkolis fetal)
 - Twoub newomiskilè (egzanp, nenpòt maladi yo konnen ki afekte sistèm nève santral, tankou paralizi serebral, spina bifida, maladi ti tèt oswa gwo tèt)
 - Prèv klinik ki montre sistèm nève santral (SNS) la pa nòmal apre yon enfeksyon bakteri/viris nan sèvo a oswa yon chòk twomatik nan tèt/mwèl epinyè a
 - Pwoblèm pou tande (yon pèt tande yo dyagnostike ki pa ka korije avèk tretman oswa chiriji)
 - Pwoblèm vizyon (yon pwoblèm vizyon yo dyagnostike ki pa ka korije avèk tretman (tankou linèt oswa vè kontak oswa chiriji)
 - Eta sikyatrik yo dyagnostike (egzanp, twoub atachman reyaktif nan epòk anfans lan)
 - Twoub emosyonèl/konpòtmantal
-

Anèks 3

Rekòmandasyon timoun ki gen risk pou yo gen yon andikap yo dwe fèt dapre kritè medikal/byolojik oswa risk pou timoun piti sa yo

Kritè Risk pou Ti bebe ki Fenk Fèt	Kritè Risk pou Ti bebe ki Fenk Fèt	Lèt Kritè Risk
<ul style="list-style-type: none">• Pwa timoun nan lè l fèt 1000-1501 gram• Laj gwosès mwens pase 33 semèn• Sistèm nève santral ki pran chòk oswa ki pa nòmal (ki gen ladan yo kriz apre akouchman, emoraji anndan kràn tèt la, bezwen oksijèn pou respire pandan plis pase 48 èdtan, chòk nan nesans)• Malfòmasyon konjenital• Asfiksi (nòt Apgar 3 oswa mwens nan 5 minit)• Anomali nan tonis miskilè (ipètonik oswa ipotoni)• Ipèbiliribinemi (> 20mg/dl)• Ipoglisemi (sik nan san ki pi ba pase 20 mg/dl)• Defisyan kwasans/pwoblèm nitrisyonèl (pa egzanp, piti pou laj oubyen petevi; pwoblèm manje enpòtan)• Prezans Pwoblèm Metabolik Timoun nan fèt avèk li (IMD)• Enfeksyon perinatal oswa konjenital (pa egzanp, VIH, epatit B, sifilis)• 10 jou oswa plis entèn lopital nan yon Inite Swen Entansif Neyonatal (NICU)• Manman ki fin akouche k ap bwè alkòl• Manman ki fin akouche k ap pran dwòg ki ilegal• Manman ki poko akouche k ap kontamine ti bebe a ak medikaman yo konnen ki ka gen gwo konsekans sou devlopman timoun nan (pa egzanp, medikaman sikotwopòp, medikaman pou trete malkadi, medikaman antineyoplastik)• Manman ki gen maladi PKU• Risk pèt tande ki chita sou istwa medikal fanmi an tankou prezantasyon sendwòm oswa tès depistaj pou sans tande yon ti bebe ki fenk fèt ki echwe epi timoun nan bezwen swivi nan depistaj la.• Risk pou pwoblèm vizyon tankou ka nan istwa sante fanmi nan ki lakòz li vin avèg oswa li vin gen gwo pwoblèm vizyon• Prezans yon sendwòm jenetik ki kapab ogmante risk pou gen reta nan devlopman	<ul style="list-style-type: none">• Enkyetid paran an oswa responsab swen sante a genyen konsènan nivo devlopman timoun an• Maladi grav oswa chòk twomatik ki gen enpak sou devlopman sistèm nève santral la epi ki mande pou yo entèn timoun nan nan inite swen entansif pou timoun pou 10 jou oswa plis• Nivo divès eleman nan san ki anndan veso sangen yo ki wo (ki rive 15 mcg/dl oswa plis)• Pwoblèm kwasans/pwogran nitrisyonèl (egzanp, gwo pwoblèm pou kò a absòbe manje oswa difikilte emosyonèl ki anpeche timoun nan dijere manje, gwo mank fè ki lakòz anemi)• Maladi otis kwonik oswa maladi otis mwayen grav (ki dire pandan omwen 3 mwa)• Enfeksyon VIH• Yon endike yon ka abi oswa move tretman sou timoun	<ul style="list-style-type: none">• Okenn swen anvan akouchman• Ti bebe ki fenk fèt ki gen yon andikap nan devlopman yo oswa ki soufri maladi mantal grav yo dyagnostike epi ki pa vle geri• Paran ki pran alkòl/dwòg• Pa gen bon gadri pou timoun ki nan laj 6 mwa oswa yon gen gwo reta nan vaksen yo• Lèt kritè risk sous rekòmandasyon prensipal la idantifye

Anèks 4

Sous Prensipal Rekòmandasyon an

Sous prensipal rekòmandasyon sa yo dwe, nan **de (2) jou travay** apre yo fin idantifye yon ti bebe oswa yon timoun piti ki gen mwens pase twazan epi yo sispèk li genyen yon andikap oswa li riske genyen yon andikap, rekòmande ti bebe sa a oswa timoun piti sa a bay ofisyèl minisipalite a deziyen an, sof si yo te deja rekòmande timoun nan oswa sof si paran li pa dakò:

- Tout moun ki se pèsònèl kalifye ki bay sèvis nan limit lisans, sètifikasyon oswa anrejistreman yo otorize.
- Tout evalyatè, kowòdonatè sèvis ak founisè sèvis entèkansyon rapid yo apwouve yo
- Lopital yo
- Pwofesyonèl swen sante pou timoun yo
- Pwogram gadri lajounen yo
- Inite sante lokal (Depatman sante lokal) yo
- Distri lekòl lokal yo
- Sèvis sosyal distri yo tankou ajans piblik yo ak anplwaye ki nan sistèm byennèt timoun yo
- Etablisman sante piblik yo
- Abri ak ajans pou moun ki viktim vyolans nan kay yo
- Abri pou fanmi sanzabri yo
- Jesyonè nenpòt klinik yo apwouve selon Atik 28 Lwa Sante Piblik, Atik 16 Lwa Ijyèn Mantal, oswa Atik 31 Lwa Ijyèn Mantal.

Anèks 5

Yo kenbe yon lis aktyèl *Kòd Maladi Entènasyonal yo dyagnostike yo (Kòd ICD-10)* ak deziyasyon yo kòm yon maladi yo dyagnostike ki gen yon gwo chans pou yo rann yon timoun gen reta nan devlopman l, pou yo itilize nan pwosesis pou yo detèmine si yon timoun kalifye pou Pwogram Entèkansyon Rapid la. Ou ka jwenn aksè nan Sistèm Komès Sante (HCS) nan Sistèm Done Entèkansyon Bonè Eta a.

Pou moun ki pa gen aksè ak HCS ak Sistèm Done Entèkansyon Rapid Eta a, yo ka jwenn enfòmasyon sa yo tou atravè sit entènèt Ajan Fiskal Eta a (PCG): www.eibilling.com. Ou ka jwenn lis Kòd ICD yo fenk aktyalize a lè w sèvi avèk fonksyon rechèch nan tab Baz Konesans lan sou sitwèb la.